

# Jezi Kris

Yon kou wap aprann poukont ou sou Jezi ak  
travay ki pi enpòtan pou li



**Multi-Language Publications**

Bringing the Word to the World

Orijinal tèks la te pwodwi pa komite Ministè Enstitisyonèl  
Komisyon an sou Ministè Espesyal nan Synod nan  
Wiskonsin Literyen Evanjelik.

Dwa kopi © 1992

Tèks adapte pa Milti-Lang Piblikasyon nan Synod nan  
Wiskonsin Literyen Evanjelik.

Enprime an 2011

Tout kouvèti ak ilustrasyon nwa ak blan yo se travay Glenn  
Myers. Glenn Myers rezève Dwa ilustrasyon pou pibliye pa  
kay nòdwès.

Ekriti yo pran nan Bib la, nan Nouvo Testaman.  
Dwa kopi © 1996, 1998 pa Sosyete Entènasyonal Bib itilize  
pa pèmasyon Sosyete Entènasyonal Bib la.



## ***Men plan liv la***

Entwodiksyon.....	1
Chapit 1: Nesans Jezi .....	3
Chapit 2: Lavi Jezi .....	15
Chapit 3: Ansèyman Jezi a .....	25
Chapit 4: Lanmò Jezi .....	37
Chapit 5: Viktwa Jezi Kris .....	49
Konklizyon.....	61
Repons tè s ki nan chapit yo .....	62
Vokabilè .....	63
Tès final .....	65





# Entwodiksyon

Kou sa yo ekri se pou ede ou aprann laverite sou kiyès Jezi te ye ak poukisa li te yon moun espesyal.

Chak nan senk chapit liv sa montre nou yon lis ki gen yon ti etwal bò kotel (\*). Rezon sa yo fè nou konnen tout sa nou pral aprann nan chapit la. Aprè chak pati ou fin etidye wap jwenn kesyon pou ou reponn epi nan fen chapit la geyen yon ti tès. Si ou etidye leson yo ak anpil swen wap kapab reponn kesyon yo san pwoblèm.

Nan fen chak gwoup kesyon yap ba ou nan ki paj ap ka jwenn repons yo. Ale nan paj sa, wap jwenn repons yo anba paj la. Gade repons ou yo avèk swen, korije fot ou yo epi asire ou konprann repons yo avan ou ale nan yon lòt leson.

Nan fen chapit la wa jwenn yon pati ki rele tou Itilize Bib ou. Nan pati sa yap di ou ki kte nan Bib la wap kapab jwenn istwa ki te rakonte nan leson an. Si ou kapab eseye li istwa a dirèkteman nan Bib ou a. Nou vle asire nou ke leson nou aprann ou yo se egzakteman sa Bib la aprann.

Nan fen liv la gen yon tès final. Avan o fè tès sa, fè yon ti revizyon sou tès nan chapit ou te wè yo. Lè ou fin fè tès final sa ou kapab voye liv sa tounen bay moun ki te ba ou li ya oubyen tou ou ka voye li pa lapòs nan adrès ki nan do liv la.

Ou kapab mande lòt liv pou ou li ak etidye.

Ke Bondye ede ou aprann anpil sou Jezi Kris e li ap beni tan ou pral pran pou ou etidye lavi li.





## *Chapit en* **Nesans Jezi**

Anpil moun mande respè nan mond nou an. Gendwa se yon atis ki fè yon bèl tablo pou nou gade ak apresye. Gendwa se yon pwofesè ki te enspire nou de yon bagay li te aprann nou. Gendwa se yon espòtif ekip li toujou genyen nan volebòl, baskètbòl, sòfbòl oubyen foutbòl. Gen yon zanmi oubyen yon vwazen ki te ede ou lè ou te gen pwoblèm men gen yon moun ki merite plis respè pase tout lòt yo. Ou bezwen konnen li, pou moun sa tout viw ap depann de tan ou pran pou konnen li. Moun sa a se Jezi Kris. Liv sa te ekri pou ede ou konnen Jezi Kris ak poukisa li mande respè nou. Nan fen premye chapit sa wap kapab:

- \* di ki moun paran Jezi yo te ye;
- \* di ki sa mo Sovè a vle di;
- \* eksplike poukisa Sovè a te dwe de:  
Bondye ak Moun; ak
- \* eksplike kisa Jezi se Sovè nou nan peche  
vle di.

Te gen de mil an nan peyi Lizrayèl Bondye te voye anj Gabriyèl kay jèn fi Jwif ki te rele Mari. Gabriyèl te di li, menm si li vyèj pa twò lontan l'ap vinn yon manman. Papa pitit li a ap Bondye menm. Ti pitit la ap yon ti gason lap rele Pitit Bondye. Li dwe rele li Jezi.

1. Bondye te voye yon anj kay yon jèn fi ki te rele \_\_\_\_\_.
2. Anj lan te di Mari pa twò lontan wap vinn \_\_\_\_\_ yon ti gason.
3. Li te di Mari papa pitit la se ap \_\_\_\_\_.
4. Mari dwe rele ti gason an \_\_\_\_\_.

(Tcheke repons ou yo anba paj 6 an)

Mari te fyanse avèk yon nonm ki te rele Jozèf, men li te toujou vyèj. Jozèf pa twò lontan te konnen Mari te ansent. Jozèf te konnen se pa li ki te papa pitit la. Li te panse ke Mari te kouche ak yon lòt nèg. Konsa li te deside pou li pa marye. Men Bondye te voye yon mesaj kote li tou.

Nan yon rèv yon anj te di Jozèf se Bondye kite fè Mari ansent. Papa pitit la se te Bondye menm! Anj lan te di tou pou Jozèf pran Mari pou madanm li e pou li sèvi tankou bòpè Jezi. Lè Jozèf te leve li tefè sa anj lan te di pou li fè yo.

5. Yon anj te vini tou kay \_\_\_\_\_ kite fyanse Mari.
6. Anj lan te di Jozèf ke papa pitit Mari a se pat yon lòt nonm men se te \_\_\_\_\_.
7. Anj lan te di Jozèf pou li pran mari pou madanm li e pou li sèvi tankou \_\_\_\_\_ Jezi.

(Tcheke repons ou yo anba paj 8 an)

Yon ti tan anvan ti bebe a te fèt, Jozèf ak Mari te al rete nan yon vil yo rele Bètleyèm. Lè yo te rive yo pat kapab jwenn kay pou yo te rete. Finalman, Jozèf te jwenn yon pak bèt kote Mari ap kapab chofe pou nwit la. Nan pak sa Mari te fè yon pitit li te rele li Jezi.

Menm nwit sa yon gwoup zanj te di anpe gadò mouton ki rete tou pre a, yon ti bebe espesyal sot fèt nan yon pak bèt. Yo te di ti bebe a se te Sovè Bondye te pwomèt la. Li ta pral sove mond lan nan peche.

Peche vle di dezobeyi Bondye. Lè nou peche, peche nou yo tounen yon prizon ki wete libète nou. Li konstwi yon gwo mi ki mete nou sou dominasyon Satan e ki wete nou anba pouvwa Bondye. Mo sovè a vle di sovtaaj, yon moun ki sove yon moun nan danje.

Ti bebe ki te fèt aswè sa se te Sovè nou an, Jezi. Li vin delivre nou kote li va kraze miray



Repons pou paj 5: 1. Mari; 2.manman; 3.Bondye; 4. Jezi.



*Mari vlope ti Jezi nan yon twal li mete li kouche nan yon panye.*

peche ki genyen nan mitan moun ak Bondye. Gadò mouton yo te ale gade si sa zanj yo te di a si se te vre. Yo te jwenn ti bebe Jezi a nan pak bèt la jan zanj yo te di a Kèk tan apre sa, moun ki gen bon konprann ki soti nan yon peyi byen lwen bò solèy leve.

Yo te remake yon etwal nouvo nan syèl la. Soti nan Bib la yo te aprann sa a vle di te gen yon nouvo Wa jwif ki fèt. Lè yo finalman te jwenn Jezi nan vil Betleyèm, yo ba l' kado. Yo te konnen ke Jezi te Bondye, yo menm tou yo adore l.

8. Tankou zanj lan te pwomèt, Mari te fè yon ti bebe epi li te rele li \_\_\_\_\_.
9. Anj lan te di gadò mouton yo ti bebe sa se te \_\_\_\_\_ Bondye te pwomèt li ta pral voye a.
10. Yon sovè se yon moun ki \_\_\_\_\_ yon lòt moun nan danje.



Repons pou paj 6: 5.Jozèf; 6.Bondye; 7.bòpè.

11. Sovè sa, Jezi, va kraze miray peche ki genyen nan mitan \_\_\_\_\_ ak \_\_\_\_\_.

(Tcheke repons ou yo anba paj 10 an)

Bib la fè yon pwen ki montre ke Jezi te gen pou Papa Bondye ak Mari pou manman li. Sa vle di Jezi te Bondye ak moun. An reyalyte, Bib la di pou Jezi te Sovè nou li dwe Bondye ak moun.

Poukisa Jezi te dwe moun tou? Bib la di Jezi te vini pou wete peche nou yo. Li te di tou ke peche nou kapab sèlman disparèt aprè yo fin peye, lè yon moun mouri. Sovè a dwe moun konsa l'ap kapab mouri e wete peche nou yo.

12. Jezi te Pitit \_\_\_\_\_ ak yon \_\_\_\_\_.

13. Depi lè Bondye pa kapab mouri, Sovè a dwe yon \_\_\_\_\_ konsa li ap kapab mouri pou peche nou yo.

(Tcheke repons ou yo anba paj 12 an)

Poukisa Jezi te dwe Bondye tou? Bib la di ke tout moun fèt avèk yon maladi terib, maladi peche. Si Jezi te sèlman yon moun, li menm tou li tap fèt ak maladi sa. Si sa te vre, donk li pa t'ap kapab delivre nou anba maladi sa.

Men Jezi te Bondye tou. Li te kapab viv yon vi ki pafè san peche. Lè li te mouri sou kwa, li pat mouri pou peche pa li yo paske li pat gen peche. Li te mouri tout bon vre pou peche nou yo. Wi timoun ki te fèt nan vil Bètleyèm nan te yon moun men li te Bondye tou. Se sèlman Bondye-moun Jezi ki te kapab Sovè nou te bezwen an pou peche nou yo.

14. Tout moun fèt ak maladi \_\_\_\_\_.

15. Jezi te dwe \_\_\_\_\_ konsa li ap kapab fèt san peche.

16. Depi Jezi pat gen peche li te kapab viv yon vi ki \_\_\_\_\_ pou nou.

(Tcheke repons ou yo anba paj 12 an)



Repons pou paj 9: 8. Jezi; 9. Sovè; 10. Pote sekou; 11. Bondye, moun.

## ***Revizyon nan chapit en***

Bondye te voye yon anj kay yon jèn fi ki te rele Mari pou di li l'ap vi manman Sovè nou an. Bondye menm se papa pitit sa. Yon anj te al kay Jozèf tou, nonm ki te fyanse Mari a. Zanj lan te asire Jozèf ke pitit Mari pote a, se pa pou yon lòt nonm men se Pitit Bondye menm.

Manman Jezi te yon moun, yon vyèj. Papa li se te Bondye menm. Se poutèt sa Jezi te Bondye ak moun. Bib la rele li Pitit Bondye ak Pitit Moun. Li dwe moun pou li ka mouri. Li de Bondye pou li kapab san peche ak viv yon vi ki san peche. Lè li te mouri, li te mouri pou peche nou yo; li pat gen peche nan li. Sèlman Bondye ak moun ki kapab Sovè nou an.

## *Tès sou chapit en*

Reponn kesyon sa yo:

1. Manman Jezi te \_\_\_\_\_.
2. Papa Jezi te \_\_\_\_\_.
3. Jozèf te sèvi tankou \_\_\_\_\_  
Jezi.
4. Jezi te \_\_\_\_\_ ak  
\_\_\_\_\_.
5. Zanj yo te di, ti bebe sa se  
\_\_\_\_\_ a.
6. Sovè vle di yon moun ki  
\_\_\_\_\_ yon lòt moun nan  
danje oubyen nan prizon.
7. Ti bebe sa ap sove nou nan prizon  
\_\_\_\_\_.
8. Sovè a dwe moun konsa li ap kapab  
\_\_\_\_\_ pou peche nou yo.
9. Sovè a dwe Bondye konsa li ap kapab fèt  
san \_\_\_\_\_.
10. Li dwe Bondye tou konsa li ap kapab viv  
yon \_\_\_\_\_ ki pafè.



Repons pou paj 10: 12. Bondye, moun; 13. moun.  
Repons pou paj 11: 14. peche; 15. Bondye; 16. pafè.

11. Lè Jezi te mouri li te mouri pou peche  
\_\_\_\_\_, pa pou peche li.

12. Sèlman yon moun ki \_\_\_\_\_ ak  
\_\_\_\_\_ kapab Sovè nou an.

(Tcheke repons ou yo nan paj 62)



## ***Itilize Bib ou***

Istwa yo mansyone nan chapit sa a kapab jwenn nan Bib la nan kote sa yo;

1. Zanj lan vizite Mari: Lik 1:26-38
2. Zanj lan vizite Jozèf: Matye 1:18-25
3. Jezi fèt: Lik 2:1-7
4. Gadò mouton yo: Lik 2:8-20
5. Moun saj yo: Matye 2:1-12